

Lotri Lokasyon pou 18 inite ki gen Restriksyon sou Revni! Tout Inite yo Pare nan Ete 2023!

Union 346, 346 Somerville Ave, Somerville

Aplikasyon pou Lotri disponib sou entènèt apati 3 Avril 2023: www.jotform.com/SEBHousing/union346

*50% ak 80% Pri lwaye yo pa baze sou revni chak aplikan (sòf si yo deja gen yon kupon Seksyon 8 oswa lòt ki menm jan an). Revni minimòm pou inite 50% AMI se pou menaj ki pa deja gen yon kupon Seksyon 8 oswa sibvansyon menm jan ak sa. Lwaye pou inite 110% yo chanje selon revni menaj la.

** Tout sèvis piblik yo se sou kouran, Lokatè yo responsab pou peye tout sèvis piblik yo konte dlo ak egou. PA gen pakin nan batiman sa a. Lokatè ki gen machin ap bezwen fè aranjman pou pakin nan lari.

| Tip Inite | Inite Aksesib pou Andikape (DA) moun ki gen Pwoblèm Tande (HI) | Revni Anyèl Bri Minimòm | Gwosè Menaj Minimòm | Gwosè Apwoksimatif (kapab chanje) | Kantite Douch | Nimewo Inite | Lwaye pa Mwa (pa konte sèvis piblik + pakin**) |
|---------------------------------|--|-------------------------|---------------------|-----------------------------------|---------------|--------------|--|
| Sèt (7) Apatman 50% AMI | | | | | | | |
| Estidyo | 1 DA | \$29,448* | 1 | 427-458 pye kare | 1 | 5 | \$1,075 |
| 1 Chanm | 1 DA | \$31,560* | 1 | 503-546 pye kare | 1 | 2 | \$1,095 |
| Sèt (7) Apatman 80% AMI | | | | | | | |
| Estidyo | 1 HI | \$49,101 | 1 | 384-531 pye kare | 1 | 6 | \$1,418 |
| 1 Chanm | PA APLIKAB | \$49,101 | 1 | 531 pye kare | 1 | 1 | \$1,464 |
| Kat (4) Apatman 110% AMI | | | | | | | |
| Estidyo | PA APLIKAB | \$78,301 | 1 | 353-486 pye kare | 1 | 4 | \$1,806-\$2,932* |

| Limit Revni (Limit Revni yo se Revni BRI) | | | |
|---|----------------------------------|--|---|
| Kantite moun nan menaj ou | Maksimòm Revni pou inite 50% AMI | Maksimòm ak Minimòm Revni: inite 80% AMI | Maksimòm ak Minimòm Revni: inite 110% AMI |
| 1 | \$49,100 | \$49,101 a \$78,300 | \$78,301 a \$107,954 |
| 2 | \$56,100 | \$56,101 a \$89,500 | \$89,501 a \$123,376 |

Aplikasyon yo ap disponib nan konklizyon premye Sesyon Enfòmasyon ak sou Entènèt isit la:

www.jotform.com/SEBHousing/union346

Premye Seyans Enfòmasyon an ap fèt nan dat 10 Avril 2023 a 6:00pm atravè Zoom epi dezyèm seyans enfòmasyon an ap fèt nan dat 24 Avril a 6:00pm atravè Zoom. Ale nan [zoom.com/join](https://zoom.us/join) oubyen rele (646) 558-8656 epi rantrè Kòd Reyinyon: 818 9317 7595, Modpas: 088159 oswa nan apèl konferans: 646-558-8656, Kòd Aksè: 81893177595#)

Dat Limit Aplikasyon: aplikasyon yo dwe konplete epi livrè a 2 pm nan dat 4 Me 2023 pou pita

Lotri a pral fèt nan dat 31 Me 2023 a 6 pm

Pou Enfòmasyon ak Aplikasyon pou Lotri, oswa pou aranjman rezonab pou moun ki andikape, ale nan 346Union@sebhousing.com oubyen rele (617) 782-6900 (x1) epi kite yon mesaj.

Moun ki gen andikap ki bezwen èd ak sèvis oksilyè pou kominikasyon efikas, materyèl ekri nan fòm altènatif, oswa modifikasyon rezonab nan règleman ak pwosedi yo, pou yo ka jwenn aksè nan pwogram ak aktivite Vil Somerville oswa pou yo patisipe nan reyinyon yo dwe kontakte Kowòdinatè ADA, Adrienne Pomeroy, nan 617-625-6600 x2259 oubyen apomeroy@somervillema.gov.

